पटना के घाट पर,
हमहु अरगिया देब,
हे छठी मइया,
हम ना जाइब दूसर घाट,
देखब ऐ छठी मइया।।

सूप लेले ठाड़ बाड़े,
डोम डोमिनिया,
देखब ऐ छठी मैया,
ओहे सुपे अरग देवाइब,
देखब हे छठी मइया।।

फूल लेले ठाड़ बाड़े,
मलिन मलिनिया,
देखब हे छठी मइया,
ओहि फुले हारवा गोथाइब,
देखब हे छठी मइया।।

केला सेब नरियल किने,
गइनी हम बजरिया,
देखब हे छठी मइया,
ओहि जगह होता देरिया,
देखब हे छठी मइया।।

भूल चूक हमरी मइया,
राखब धिआनिया,
देखब हे छठी मइया,
हमरो अरगिया देहब मान,
देखब हे छठी मइया।।

पटना के घाट पर,
हमहु अरगिया देब,
हे छठी मइया,
हम ना जाइब दूसर घाट,
देखब ऐ छठी मइया।।

Singer / Upload Rupesh Choudhary
7004825279

Source: https://www.bharattemples.com/patna-ke-ghat-par-chhath-geet/

Complete Bhajans Collections - Download Free Android App
https://play.google.com/store/apps/details?id=com.numetive.bhajans

Facebook: https://www.facebook.com/bharattemples/
Telegram: https://t.me/bharattemples
Youtube: https://www.youtube.com/channel/UC24oJCxZJyhhKzSUD-Lt9Tw